# Апостол Иудæйы фыстæг

**1** Йесо Чырыстийы цагъар Иудæйæ, Иаковы æфсымæрæй, – Фыд-Хуыцау кæй бауарзта æмæ Йесо Чырысти кæй хъахъхъæны, уыцы æвзæрстытæм.

**2** Хуыцау уын ноджы фылдæр бахай кæнæд Йæ хорзæхæй, Йæ фарн æмæ уарзтæй.

*Æнæхуыцæутты фæндаг*

**3** Мæ уарзон хæлæрттæ, кæд мæ зæрдиагæй фæндыди сымахмæ нæ иумæйаг ирвæзындзинады тыххæй ныффыссын, уæддæр æнæмæнг бакæнинагыл банымадтон сымахмæ ныффыссын, сыгъдæджытæн иу хатт æмæ мыггагмæ лæвæрд цы уырнындзинад æрцыди, мæ фыстæг уæ ууыл тохмæ куыд сразæнгард кæна, афтæ.

**4** Уымæн æмæ уæм æрбаирвæзтысты æнæхуыцау чидæртæ. Уыдон нæ Хуыцауы хорзæхæй сæхицæн сарæзтой æлгъаг миты фæрæз, сæхи тигъ кæнынц нæ иунæг Дунедарæг æмæ Хицау Йесо Чырыстийыл. Рагæй-нырмæ у фыст, уыдон аккаг æфхæрд кæй баййафдзысты, уый тыххæй.

**5** Кæд сымахæн зындгонд у, уæддæр мæ фæнды уæ зæрдыл уын æй æрлæууын кæнын: Хицау Йæ адæмы мысыраг зæххæй куы раирвæзын кодта, уæд уый фæстæ фесæфта, чи Йыл нæ бауæндыд, уыдоны.

**6** Æмæ йæ намыс чи нæ бахъахъхъæдта æмæ йæ цæрæн бынат чи ныууагъта, уыцы зæдты стыр тæрхоны бонмæ дары талынджы, мыггагмæйы рæхыстæй бастæй.

**7** Уыдонау Содом æмæ Гоморрæ, стæй сæ алфамбылайы сахартæ хæтыдысты æмæ фехæлдысты, æмæ уый тыххæй мыггагмæйы арты æфхæрд кæй æййафынц, уый алкæмæн дæр у зондыхос.

**8** Ахæмтæ сты уыцы сæнттæцæгъдджытæ дæр – уыдон æлгъаг кæнынц буар, Хуыцауы бартæ ницæмæ дарынц æмæ фауынц намысджынты.

**9** Архангел Михаил та Моисейы буары тыххæй хæйрæгимæ куы фæбыцæу, уæд тæрхоны бар йæхимæ нæ райста, нæ дзы рацыд фауæн ныхас, æрмæст ын загъта: «Хуыцау дын Йæхæдæг схос кæнæд».

**10** Адон та фауынц, цы нæ зонынц, уый. Сæ æрдзыхъæдмæ гæсгæ æнæзонд цæрæгойтау цы зонынц, уымæй сæхи сафынц.

**11** Сар сæ сæр! Уыдон цæуынц Каины фæндагыл, сæ зæрдæтæ сарæзтой мулкмæ æмæ Валаамау фæсайды сты, змæнтынц Корейау æмæ сæфынц.

**12** Ахæмтæ æлгъаг сты уæ уарзты æхсæвæрты – æнæфсармæй цæл кæнынц уемæ. Сæ мæт æрмæстдæр у сæхиуыл, амардысты дыууæ

---

[1] Лк. 6:16; Ин. 14:22; 17:11. [3] Флп. 1:27. [4] Мк. 16:16; Ин. 3:18. [6] Ин. 8:44; 2 Пет. 2:4. [7] Лк. 17:29; 2 Пет. 2:6. [10] 2 Пет. 2:12. [11] 2 Пет. 2:15.

хатты; уыдон сты, дымгæ кæй хæс-
сы, ахæм æнæкъæвда мигътæ, бын-
дзарæй кæй срæдывдæуыд, ахæм
æнæдыргъ фæззыгон бæлæстæ,
**13** Уыдон сты денджызы знæт
уылæнтау, абухы сæ худинаджы
фынк, уыдон сты, мыггагмæйы сау-
далынг кæмæ æнхъæлмæ кæсы, уы-
цы дзæгъæл стъалытау.
**14** Уыдоны тыххæй пехуымпа-
риуæг кодта Адамы байзæддаджы
æвдæм фæлтæрæй Енох дæр: «Мæ-
нæ фæцæуы Хицау Йæ æнæны-
мæц сыгъдæг зæдтимæ
**15** Алкæмæн дæр тæрхон рахæс-
сынмæ. Уый багæды кæндзæн æп-
пæт æнæхуыцау тæригъæдджын-
ты сеппæт æнæхуыцау миты æмæ,
Йæ ныхмæ кæй дзырдтой, æппæт
уыцы къæйных ныхæсты тыххæй».
**16** Уыдон сты хъуырхъуыр-
гæнджытæ, райгонд ницæмæй
сты, цæрынц сæ монцтæм гæсгæ,
кæнынц хиппæлой ныхæстæ, коз-
бау митæ сæхи пайдайы сæрап-
понд.

*Уырнджытæн зæрдылдарынæн*

**17** Фæлæ сымахæй, мæ уарзон
хæлæрттæ, рох ма уæд, нæ Хицау
Йесо Чырыстийы апостолтæ рага-
гъоммæ цы загътой, уый.
**18** Уыдон уын дзырдтой, зæгъ-
гæ, рæстæджы кæрон фæзындзы-
сты, сæ æнæхуыцау монцты дæл-
бар чи уыдзæн, ахæм фауджытæ.
**19** Уыдон ныххицæнтæ кæнынц
уырнджыты, кæсынц сæ тæригъæд-
джын æрдзыхъæды коммæ, нæй сæм
Сыгъдæг Уд.
**20** Сымах та, мæ уарзон хæлæрт-
тæ, рæзут уæ сыгъдæг уырнындзи-
нады бындурыл, кувут Сыгъдæг
Удæй разæнгардæй,
**21** Фидар хæцут Хуыцауы уарз-
тыл, æнхъæлмæ кæсут нæ Хицау
Йесо Чырыстийы хорзæхмæ, мыг-
гагмæйы цардæй куыд схайджын
уат, афтæ.
**22** Иутæм, дызæрдыггæнджы-
тæм, ут зæрдæхæлар,
**23** Иннæты ратонут арты дзы-
хæй æмæ фервæзой, аннæтæм ут
зæрдæхæлар, фæлæ уæхи хизут, сæ
тæригъæдджын митæй цы дарæс
фелгъаг, суанг уымæй дæр куыд
нæ фæчъизи уат, афтæ.
**24** Фæкæлынæй уæ бахизын
æмæ уæ Йæ намысмæ æнаип-
пæй æмæ райгæйæ бакæнын Кæй
бон у,
**25** Уыцы иунæг Хуыцауæн, нæ
Ирвæзынгæнæгæн, нæ Хицау
Йесо Чырыстийы фæрцы уæд
кад æмæ намыс, паддзахад æмæ
æлдариуæг – рæстæджы райдиа-
нæй нырмæ, абон æмæ мыггаг-
мæ! Амен.

---

**12** 2 Пет. 2:17. **14** Мф. 25:31; Æрг. 1:7. **15** Мф. 12:36. **16** 1 Тим. 6:5. **18** 2 Пет. 3:3; 1 Тим. 4:1. **19** 1 Кор. 2:14; Дзут. 10:25. **20** Кол. 2:7. **23** Эф. 4:22.